***Daumenova Nigara Maratovna***
***Shimbay pedagogika kolledji oqitiwshisi***
***Ózbekstan Respublikasi, Shimbay rayoni.***

# ÓSPIRIMLIK DÁWIRINIŃ FIZIOLOGIYALIQ-PSIXOLOGIYALIQ TÁREPTEN ÓZINE TÁN QÁSIYETLERI

***Annotaciya:*** *Bul maqalada óspirimlik jastaǵi balalardiń fiziologiyaliq-psixologiyaliq tárepten rawajlaniwi hám oniń ózine tán qásiyetlerine analiz berildi.*

***Gilt sózler:*** *Fiziologiyaliq, psixologiyaliq, iskerlik, mánawiy, qásiyetler, ózgerisler, qarama-qarsiliqlar, jetiklik.*

***Daumenova Nigara Maratovna***
***Teacher of the Chimbay Pedagogical College***
***Republic of Uzbekistan, Shimbay region.***

# PHYSIOLOGICAL - PSYCHOLOGICAL CHARACTERISTICS OF ADOLESCENCE

***Abstact:*** *This article analyzed the development and peculiarities of children in adolescence from the physiological psychological side.*

***Keywords:*** *Physiological, psychological, activity, spiritual, characteristics, changes, contradictions, maturity.*

Balalar psixologıyasi balanıń psixikalıq rawajlanıwı haqqında faktler hám nızamlıqlardı úyreniwshi pán. Balalar psixologıyasında jas dawirlerine ajıratıwda xızmeti tárepinen ajaratıp tómendegi dáwirlerge kórsetip ótedi.

- gódeklik (1 jasqa shekem),
- erte jas (1-3 jas),
- kishi jas (3-4 jas),
- orta jas (4-5 jas),
- úlken jas (5-6 jas),
- mektepke (6-7 jas) tayarlaw.

dáwirlerdi óz ishine aladı.

Nárestelik dáwirinen soń rawajlanıwdıń jańa basqıshı erte balalıq (1-3 jas) dáwiri baslanadı erte balalıq dáwiri bala ómirindegi eń axmiyetke iye, onıń keleshektegi psixologıyalıq rawajlanıwın belgilep beriwshi ahmiyetli dáwir esaplanadı.

**Balaniń u`lken jastag`ılardın` so`zin tu`siniwin rawajlandırıw.**

Bul process ma`nisine tu`sinetug`ın so`zler jıyıntıg`ın ken`eytiw bolıp, onın` mazmunına to`mendegiler kiredi:

1) o`zinin` ha`m jaqın adamlarının` atın;
2) kiyim-kenshekler, mebeller, ıdıs-tabaqlardın` atın;
3) bir jerden ekinshi jerge barg`anda transport qurallarının` atın;
4) o`zine tanıs bolg`an haywanlar menen o`simliklerdin` atın;
5) o`z denesinin`, oyınshıq haywanlar denesinin` ayırım bo`lekleri (ayaq-qollar, bas, awız, qulaq, ko`z) nin` atın bilip alıw.

Bala so'ylew ja'rdeminde  na'rselerdi salistiradi. 2 jasta 200-300 so'zge jetedi, 3 jasar balanin' so'z bayligi 1200-1500 so'zdi quraydi.

Balalardiń oyın xızmetleri olardin' fizikaliq ha'm psixikaliq tárepten rawajlandıradı.

Oyin tek sirtqi ortaliqtaǵı zat  hám qublislardi biliw qurali  ǵana emes, al qúdretli tárbiya qurali esaplanadi.

4-5 jasar balalardin oyinin aste aqirinliq penen jamaat turindegi qasiyetlerge iye bolip baradi.

Bul oyinlarda balalar ulkenlerdin tek ǵana zatlarga munasebeti emes, al kobirek oz ara munasebetilerin korsetedi.

5-6 jasar balalardin ulkenler ham tenlesleri menen bolǵan munasebette arqali bala adep normalardi anlawi sonday aq unamli unamsiz munasebibetler menen tanisa baslaydi.

6 jasta 3000-3500ge shekem sozleridi ozlestiredi.

Mektep tayarlaw jasindagi balalar mektepke fizikalik tarepten tayar boliw kerek.

Balalardin ulkenler ham tenlesleri menen soylesiwi 7 jasta 4000 sozge jetedi.

**Balalar ótiw (krizis) dáwiri**

1. Bir jas  (Egosentrizim - barlıq waqıtta  dıqqat itibarda bolıwı);
2. Úsh jas (Negatizim-ójet, ózbetinshelik hám agresevlik);
3. Jeti jas (tapsırmalardi orınlamaw);
4. Óspirimlik jas (krizis).

Búgingi kúnge shekem psixologiya iliminde shaxs rawajlaniwin dáwirlerge bólip úyreniwge júdá úlken itibar qaratilǵan. Bir qansha dáwirlik sxemalarda usinis etilgen.

Pikirimizdi tastiyiqlaw maqsetinde belgili psixolog S.Piajeniń (1896-1980) intellekttiń rawajlaniwin basqishlarǵa bóliwin misal sipatinda keltirip ótiwimiz múmkin. Ol bul rawajlaniwdi 3 basqishqa bólip kórsetedi.

a) Sensomoter intellekt basqishi (0 – 2 jas);
b) Konkret operaciyalardi orinlawǵa tayarlaw hám oni shólkemlestiriw basqishi (3 – 11 jas);
c) Formal operaciyalar basqishi (12 – 15 jas). Bul dáwirde balalar tek ǵana kórip turǵan nárselerin ǵana emes, bálkim jasirin túsinikler hám sózler arqalida pikir júrite aladi.

Psixologiyada 12 jastan 15 jasqa shekem bolǵan insanniń rawajlaniw basqishin dástúriy ráwishte óspirimlik dáwiri, sonday-aq, ótiw dáwiri, qiyin, kritikaliq jas dep te ataladi. Bul jas araliǵi kólegen psixologlar tárepinen úyrenilgen.

S.Xoll óziniń rekapitulyaciya teoriyasina tiykarlanip, shaxs rawajlaniwindaǵi óspirimlik basqishi insaniyat rariyxindaǵi romantizm dáwirine duris keledi hám insanniń tábiyiy umtiliwlari talaplar menen qarama-qarsi keletuǵin tártipsizlikler dáwirin tákirarlaydi dep esaplaydi.

S.Xoll psixologiyaǵa óspirimlik dáwirinde júzege keletuǵin krizis dáwiri túsinigin kiritedi. Krizis oniń pikirinshe óspirimlik dáwiriniń unamsiz hádiseleri esaplanadi.

Ádette óspirimlik dáwiri balalardiń sirtqi kórinisi hám fiziologiyasiniń tez ózgeriwi menen túsindiriledi. Óspirimniń anatomiyasi hám fiziologiyasindaǵi

ózgerisler olardıń psixologiyasındaǵı ózgerislerlerge de tásir etkenlikten bul dáwir oǵada áhmiyetli esaplanadi. Sonliqtanda alimlar olardi túsindiriw ushin "gormonal boran", "endokrin boran", "ósiw tezligi" hám basqada ibaralardi qollaniwdi abzal kóredi. Óspirimlerdiń organizmindegi ózgerisler derlik barliq baǵdarlarda ámelge asadi: ol intensiv ósedi, deneniń salmaǵi artadi hám júrek qan-tamir sistemasi rawajlanadi.

Bir sóz benen aytqanda bul basqishta balalardiń fizikaliq hám psixikaliq rawajlaniwi júdá tezlesedi. Ómirdegi hár túrli nárselerge qiziǵiwi, jańaliqqa umtiliwi artadi, minez-xulqi qáliplesedi, mánáwiy dúnyasiniń bayiwi menen bir qatarda qarama-qarsiliqlarda rawajlanadi. Óspirimlik bul er jetiw basqishi bolip, jańa sezimler, jinisiy ómirge baylanisli máselelerdiń payda boliwi menenda xarakterlenedi. Bular tásirinde óspirimniń minez-xulqi, átirapindaǵi adamlar hám jámiyette bolip atirǵan waqiya-hádiselerge múnásibeti tez ózgerip baradi. Geyde socialliq máseleler haqqinda naduris oy-pikirlerdiń payda boliwi nátiyjesinde ol belgili bir tártip nizamliqlarǵa sin kóz-qaras penen qaraydi.

Fiziologiyaliq ózgeris jinisiy jetilisiwdiń baslaniwi hám buniń menen baylanisli ráwishte denedegi bárshe aǵzalardiń toliq rawajlaniwi hám ósiwi, kletka hám organizm sistemasiniń qaytadan qáliplese baslawi bolip tabiladi. Organizmdegi ózgerisler tikkeliy endokrin sistemasiniń ózgeriwi menen baylanisli. Óspirimde psixikaliq processler keskin ózgeriwi menen aqiliy qásiyetlerde ózgerisler ámelge asadi.

Usiǵan uqsas ózgerisler kóbinese óspirimniń mánáwiyatinada óz tásirin tiygizedi. Ósprimniń minez-xulqinda qirsiqliq, ashiwshaqliq, gáp kótermes siyaqli bir qansha ózgerisler júzege keledi. Sonliqtanda óspirimlik dáwirinde jetekshi iskerlik bul – oqiw, baylanis hám miynet iskerligi esaplanadi.

Eger kishi jastaǵi balalar járdemshi boliw rollerinen qanaatlansa, óspirimler, ásirese úlken óspirimler úken jastaǵi adamlar menen teń ráwishte iskerlik kórsetip atirǵaninan, zárúr bolǵaninda olardiń orinlarinada isley aliwlarinan qanaatlanadi. Endi óspirimler oyin iskerligine waqit aziraq ajiratqan halda kóbirek oqiw iskerligi hám salmaqli jumislar menen shuǵillana baslaydi hám olardiń biliw processleri

jedel rawajlana baslaydi. Óspirimlerdiń psixikaliq ósiwin háreketke keltiriwsh kúsh oniń iskerligin júzege shiǵarǵan jańa mútájlikler menen olardi qanaatlandiriw imkaniyatlari ortasindaǵi qarama-qarsiliqlar sistemasiniń júzege shiǵiwinda. Payda bolǵan konfliktlerdi psixologiyaliq kámillikti támiyinlew, iskerlik túrlerin quramalastiriw arqali óspirim shaxsinda jańa psixologiyaliq pázliletlerdi payda etiw arqali áste-aqirin joq etiw múmkin. Óspirimniń ruwxiy dunyasinda payda bolatuǵin bunday jaǵdaylar óspirimlik waqti ótiwi menen bir ólshemge kelip qaladi. Biraq, perzent óstirip atirǵan hár bir ata-ana balaniń ósiwi haqqinda, oniń ózine tán qásiyeti haqqinda zárúr túsinikke iye bolsa, álbette paydadan tis bolmaydi.

Óspirimniń fizikaliq tárepten ósiwinde jinisiy er jetkenlik úlken rol oynaydi, Sebebi bunday jasta óspirim organizmi iskerliginde úlken ózgerisler júz beredi. Nátiyjede óspirimde ózine tán psixikaliq jaǵday júzege keledi. Sol sebepli bul dáwirde mektep hám shańaraqta tálim-tárbiya jumislari duris jolǵa qoyilmasa, óspirimniń jas fiziologik qásiyetleri esapqa alinbasa, oniń minez-xulqindaǵi unamsiz qásiyetler artip barsa, bala xarakteriniń qáliplesiwine unamsiz tásir kórsetiwi hám keyingi ómiri dawaminda ózgerttiriw qiyin bolǵan tereń iz qaliwi múmkin.

Juwmaqlap aytqanda óspirimlik dáwiri qarama-qarsiliqlarǵa bay dáwir esaplanadi. Oni bazi adamlar "Krizisler" dáwiri depte ataydi. Sebebi óspirim mánáwiyatinda sonday krizislik jaǵday júz beredi, ol bul krisizti bir tárepten ózi sheshkisi keledi, ekinshi tárepten, ózi sheshiwge imkaniyati, kúshi hám aqili jetpeydi.

## Paydalanilǵan ádebiyatlar dizimi:


1. F.Xaydarov, N.Xalilova «Umumiy psixologiya» Toshkent, «Innovatsiya-ziyo» - 2019.
2. M.Voxidov "Balalar Psixologiyasi" T- 1981.
3. G'oziev EG "Pedagogik Psixologiya asoslari" T- 1995
4. V.Muxina "Detskaya psixologiya" M-1985.

5. С.Холл «Основные понятия и характеристики возрастной психологии».